

Chwazi yon tès depistaj kansè nan kolon

DESIZYON MARK



Fè tès pou kansè nan kolon!

Kansè kolorektal, yo rele tou kansè nan kolon, se youn nan prensipal kòz lanmò ki gen rapò ak kansè nan Vil Nouyòk.

Depistaj regilye ka ede anpeche kalite kansè sa a oswa dekouvri li pi bonè lè li pi fasil pou trete.

Ka kansè nan kolon yo ap ogmante pami moun ki poko gen 50 an. Moun ki pa gen faktè risk ta dwe kòmanse tès depistaj nan laj 45 an. Si ou gen faktè risk yo, tankou yon manm fanmi pwòch ou gen kansè nan kolon, ou ka bezwen kòmanse fè tès depistaj yo pi bonè oswa fè depistaj pi souvan.

Diskite sou risk pèsonèl ou ak pwofesyonèl swen sante ou pou detèmine kilè pou pi bonè ak konbyen fwa ou ta dwe fè tès depistaj. Li pi bon pou w konnen risk ou yo pi bonè pase pi ta. Gen faktè risk pa nesèsman vle di ou pral devlope kansè nan kolon, epi pa gen okenn faktè risk pa vle di ou p ap gen maladi a.

Gen diferan tès depistaj kansè nan kolon. Tès ki baze sou pou pou ka detekte san oswa chanjman nan jèn (ADN), ki ka siy kansè nan kolon, nan yon echantiyon pou pou (matyè fekal). Opsyon tès depistaj yo gen ladan yo:

- Yon tès iminochimik fekal (fecal immunochemical test, FIT), ki detekte san. Yo rekòmande moun fè yon FIT chak ane.
- Yon tès san kache nan matyè fekal ki baze sou gayak ak gwo sansiblite (high-sensitivity guaiac-based fecal occult blood test, HSgFOBT), ki detekte san. Yo rekòmande moun fè yon HSgFOBT chak ane.
- Yon tès ADN pou pou plizyè sib (FIT-DNA), ki detekte san ak chanjman nan jèn (ADN) ki kapab siy kansè. Yo rekòmande moun fè yon FIT-DNA yon fwa chak twa zan.
- Yon kolonoskopi. Sa a se yon egzamen vizyèl ak yon kamera espesyal ki pèmèt yon pwofesyonèl swen sante obsève kolon ou dirèkteman epi, pandan menm egzamen an, retire nenpòt polip yo jwenn. Yon kolonoskopi fèt yon

fwa chak 10 zan oswa pafwa pi souvan, tou depann de risk pèsònèl ou ak sa egzamen an montre. Yon tès ki baze sou poupou ki pozitif dwe swiv ak yon kolonoskopi.

Pou plis enfòmasyon, vizite **[nyc.gov/health/coloncancer](https://www.nyc.gov/health/coloncancer)**.
Pou yon videyo detaye sou preparasyon pou yon koloskop, vizite **[bit.ly/colonoscopy-prep-video](https://www.bit.ly/colonoscopy-prep-video)**.

Pale avèk pwofesyonèl swen sante ou ak fanmi ou.

Liv grafik sa a te kreye pou ede w kòmanse konvèsasyon ak pwofesyonèl swen sante w la ak fanmi w sou opsyon tès depistaj pou prevansyon kansè nan kolon. Mark ap ede tèt li ak manm fanmi li anpeche kansè nan kolon, epi ou ka ede tèt ou ak fanmi ou tou. Lè w li istwa fanmi sa a, w ap aprann:


- Kijan pou diskite sou tès depistaj kansè nan kolon ak prevansyon avèk pwofesyonèl swen sante w la
- Kisa pou w atann pou tès ki baze sou poupou ak yon kolonoskopi

Pale sou risk pèsònèl ou, metòd tès depistaj ak frekans tès depistaj ou ak pwofesyonèl swen sante w la ak fanmi w.

Rekonèt sentòm posib kansè nan kolon.

San nan poupou ou se youn nan siy posib kansè nan kolon. Kansè nan kolon ka lakòz doulè nan vant oswa rektòm ki pa sispann, oswa konstipasyon oubyen dyare ki pa amelyore. Pèt pwa san entansyon se yon lòt siy posib. Sentòm sa yo ka koze tou pa pwoblèm sante ki pa kansè nan kolon, men li trè enpòtan pou w wè yon pwofesyonèl swen sante si w genyen sentòm sa yo.

BIWO PWOFEZYONÈL SWEN SANTE



**BONJOU MARK!
KÒMAN W YE?**

**M TRÈ BYEN!
MWEN FENK
SELEBRE 47YÈM
ANIVÈSÈ MWEN.**



O, BÒN FÈT!
ÈSKE W DEJA FÈ TÈS
DEPISTAJ POU KANSÈ
NAN KOLON?

NON.

MEN, MWEN SONJE
EKSPERYANS
KOLONOSKOPI MADANM
MWEN SANDRA.


E BYEN, LI LÈ POU W FÈ TÈS. TÈS DEPISTAJ KANSÈ NAN KOLON TCHEKE POU KANSÈ NAN KOLON OUBYEN REKTAL, AK POU POLIP KI KA MENNEN NAN KANSÈ.

RETIRE PÒLIP SA YO KA AN REYALITE ANPECHE KANSÈ!


TRÈ BYEN.
NAN KA SA, ÈSKE NOU TA DWE PLANIFYE YON KOLOSKOPI POU BYENTO?

YON KOLONOSKOPI SE YOUN NAN METÒD TÈS DEPISTAJ YO. LI OBSÈVE DIRÈKTEMAN KOLON AN AK REKTÒM, EPI LI EDE NOU RETIRE POLIP AK NENPÒT LÒT BAGAY KI KA DEYLOPE POU VIN YON KANSÈ.






M KONPRANN. KI LÒT METÒD
DEPISTAJ OSWA TÈS MWEN
KA FÈ?



YON LÒT OPSYON SE YON
TÈS KI BAZE SOU POUPOU YO
RELE FIT. OU YOYE YON TI
ECHANTYON MATYÈ FEKAL OSWA
POUPOU, SOTI LAKAY OU. APRÈ
SA A, LABORATWA A TESTE L POU
SAN, KI TA KA YON SIY KANSÈ.

OU KA YOYE
MATYÈ FEKAL
PA LAPÒS?




OU KAPAB!
TÈS KI BAZE SOU
POUPOU KAPAB YON BON
OPSYON POU MOUN KI GEN
RISK MWAYÈN POU
KANSÈ NAN KOLON.

KI TÈS KI
PI BON?


SA DEPANN.
TOU DE EFIKAS POU
JWENN KANSÈ EPI YO
PWOUYE YO KA SOYE LAYI.
TÈS FIT PI FASIL POU
FÈT, MEN W AP OBLIJE
FÈ LI CHAK ANE.

KOLONOSKOPI A MANDE
PLIS PRÉPARASYON AK
ANESTEZI, MEN PIFÒ
MOUN PA OBLIJE FÈ L
OSI SOUYAN. NOU KAPAB
RETIRE POLIP PANDAN
KOLONOSKOPI A TOU.




ÈSKE ASIRANS
MWEN AN KOUVRI
NENPÒT NAN TÈS
SA YO?

NI TÈS KI BAZE SOU
POUPOU NI KOLOSKOPI,
TOUDE KOUVRI PA
PRÈSKE TOUT
PLAN ASIRANS.*



MWEN KONNEN SANDRA
TE OBLIJE FÈ YON REJIM
ESPESYAL AK PRAN
MEDIKAMAN JOU ANYAN
KOLONOSKOPI LI A.
MWEN PA SÈTEN M PARE
POU SA KOUNYE A. ÈSKE
MWEN KA FÈ TÈS FIT
LA AN PREMYE?

*Pifò plan asirans, tankou Medicaid ak Medicare, kouvri tès depistaj kansè nan kolon. Men, pwoteksyon an ka varye. Tcheke avèk pwofesyonèl swen sante w ak konpayi asirans ou sou kouvèti a anvan tès depistaj ou a. Si ou pa gen asirans, ou ka kalifye pou asirans ki bon mache oswa gratis. Rele **311** pou asistans enskripsyon gratis.




OU KAPAB!
KÈK KESYON: ÈSKE W GEN
NENPÒT FANMI PWÒCH KI GEN
KANSÈ NAN KOLON OSWA POLIP,
OSWA KONDISYON JENETIK
TANKOU SENDWÒM LYNCH?

NON.

ÈSKE W TE PÈDI
PWA RESAMMAN SAN
ENTANSYON, OSWA GEN
DOULÈ, SAN, OSWA
CHANJMAN NAN POUPOU OU
TANKOU DYARE OSWA
KONSTIPASYON?

PA KE
M SONJE.



EKSELAN.
M AP MANDE ENFIMYÈ A
POU L BA OU YON TÈS
FIT POU W FÈ LAKAY OU.
ENFIMYÈ A PRAL EKSPLIKE
KIJAN POU UTILIZE L.




**BONJOU MARK
MWEN KONTAN
RANKONTRE W!**

**MEN TÈS FIT LA POU OU.
LI TRÈ FASIL. SÈL SA OU DWE FÈ SE
SÈVI AK BATON SA A POU RANMASE
YON TI KANTITE POUPOU, METE L
SOU PATI KI MAKE SOU KAT TÈS LA,
APRESA SELE LI EPI YOYE L PA LAPÒS.
OU PRAL FÈ TÈS SA A YON FWA
CHAK ANE.**

**ÈSKE OU
GEN KESYON?**

**M PANSE M
KONPRANN.
MÈSI!**

PITA JOU SA



Ou ka resevwa yon twous tè s bazè sou pouppou ki parèt diferan. Tanpri swiv enstriksyon pwofesyonèl swen sante w la.



O, BONJOU
ANDRE! SE SOU
WOUT MWEN TE YE
LA WI, POU M AL
VOYE TÈS FIT SA
PA LAPÒS.



TANN, PAPA - YON
TÈS DEPISTAJ FIT POU
KANSÈ NAN KOLON? MWEN
YRÈMAN FYÈ DE OU PASKE W
PANSE DAYANS SOU SANTE W.

PREMYE ANE



NÒMAL

13 janyè 2020

Mark Donald
122 Eighth Avenue
Queens, NY 11101

Chè Mesye MARK DONALD,


Tè FIT ou a rebounen negatif e nòm. Tangi kontinye pran èpi voye tè FIT ou chak ane pou asire you bon depans ak delasyon bonè si tè la rebounen pozitif owa anòm. Si ou gen nenpòt kesyon, tanpri kontakte mwen.

Mesi,

Sansèman,

Dr. Janet Clark

DEZYÈM ANE



NÒMAL

13 janyè 2021

Mark Donald
122 Eighth Avenue
Queens, NY 11101

Chè Mesye MARK DONALD,


Tè FIT ou a rebounen negatif e nòm. Tangi kontinye pran èpi voye tè FIT ou chak ane pou asire you bon depans ak delasyon bonè si tè la rebounen pozitif owa anòm. Si ou gen nenpòt kesyon, tanpri kontakte mwen.

Mesi,

Sansèman,

Dr. Janet Clark


TWAZYÈM ANE



BONJOU
DOKTÈ CLARK.


TANN, FIT
MWEN AN
PA NÒMAL?






ESEYE PA TWÒ ENKYÈ, MARK.
YON REZILTA FIT ANÒMAL PA NESESÈMAN
YLE DI OU GEN KANSÈ NAN KOLON,
MEN, W AP BEZWEN FÈ YON KOLONOSKOPI
JIS POU ASIRE W.

TRÈ BYEN.
AN NOU FÈ LI.




MWEN VRÈMAN
KRAPONNEN TOUJOU.
MWEN TA DWE
PALE AK SANDRA
SOU EKSPERYANS
KOLONOSKOPI L LA -
PETÈT SA TA EDE.



YON KOLONOSKOPI PA
OSI MOYE JAN OU PANSE,
MEN LI ENPÒTAN POU FÈ
PREPARASYON ENTESTEN AN.

OU GEN YON REJIM
LIKID KLÈ JOU ANYAN
AN, PA VRE?

WI, EPI SONJE
POU W FIN BWÈ TOUT
SOLISYON ESPESYAL POU
PREPARASYON ENTESTEN
DOKTÈ A TE PRESKRI W LA,
EPI SWIV ENSTRIKSYON
YO EGZAKTEMAN.



OU VLE KOLON OU PWÒP
POU DOKTÈ A KA WÈ TOUT
BAGAY. EPI NATIRÈLMAN, M
AP MENNEN W LAKAY OU
APRE KOLONOSKOPI A.

MÈSI DÈSKE W
TOUJOU SIPÒTE M.

JOU AYAN KOLONOSKOPI MARK LA



HMM, LI PA GEN
PI MOVE GOU
PASE SA.




JOU KOLONOSKOPI A



OU BYEN?

**MWE JIS YON TI
JAN KRAPONNEN.
ÈSKE LI PRAL
ENKONFÒTAB?**

**ONÈTMAN,
MWEN PA MENM SONJE
PATI KOLONOSKOPI A,
SÈLMAN PREPARASYON AN.
OU PRAL ANFÒM.**




BONJOU MARK! M
KONTAN OU RIVE ATAN.
ÈSKE W PARE POU
KOLONOSKOPI OU A?

WI. MWEN TE PRAN
SÈLMAN LIKID KLÈ YÈ.
MWEN TE FINI TOU TOUT
SOLISYON PREPARASYON
ENTESTEN AN EPI MWEN
PA T MANJE ANYEN
JODI A.

TRÈ BYEN! SA A TA
DWE BAY DOKTÈ A YON
YIZYON KLÈ KOLON AK
REKTÒM OU.

DOKTÈ A METE YON
TI TIB KI APEPRÈ YON
MWATYE POUS AN DYAMÈT
NAN RÈKTÒM OU. TIB LA
GEN YON LIMYÈ AK KAMERA
NAN TÈT LI. LI PA TA DWE
FÈ MAL.



MÈSI. MWEN
PANSE MWEN PARE
POU M ANTRE
KOUNYE A.


TRÈ BYEN. ANN
ALE NAN SAL
PWOSEDI A, ALÒ.



MWEN BYEN KONTAN MARK
AP PRAN SWEN SANTE L!



MWEN TANDE OU TE FÈ
YON BON TRAYAY SOU
PREPARASYON ENTESTEN
AN. NOU TA DWE WÈ
KOLON PWÒP OU A ISIT
LA PITA.



MWEN PRAL BA OU
MEDIKAMAN POU
DETANN OU. LI PRAL FÈ
OU DÒMI. ÈSKE W PARE
POU PWOSEDI A?

MWEN PARE.


APRÈ PWOSEDI A

**BONJOU MARK.
BÒN NOUYÈL!
NOU PA JWENN ANYEN
KI PA NÒMAL NAN
KOLON OU.**

**O, MÈSI BONDYE. ÈSKE SA
YLE DI MWEN FINI AK TÈS
DEPISTAJ YO NÈT?**


**LI ENPÒTAN POU KONTINYE AK
TÈS DEPISTAJ PASKE KANSÈ KA
TOUJOU DEYLOPE PITA. RISK OU
AP OGMANTE PANDAN W AP YIN PI
GRANMOUN. N AP RETOUNEN METE
W SOU YON ORÈ DEPISTAJ REGILYE.**

**ALA YON SOULAJMAN.
KI LÒT BAGAY MWEN
KA FÈ POU DIMINYE
RISK POU M GENYEN
KANSÈ NAN KOLON?**




FÈ CHWA KI EDE W RETE AN SANTE. RECHÈCH MONTRE KÈK KONPÒTMAN SANBLE GEN KONEKSYON AK YON RISK PI BA KANSÈ NAN KOLON. NOU PA TOUJOU KONNEN POUKISA KÈK MOUN DEYLOPE KANSÈ EPI KÈK LÒT PA DEYLOPE L.

MOUN KI MANJE MWENS YYANN TRETE GEN MWENS CHANS POU YO GENYEN KANSÈ NAN KOLON. LÈ OU AKTIF FIZIKMAN TOU SANBLE GEN YON KONEKSYON AK RISK KI PI BA.



YYANN TRETE YO ENKLI YYANN SANDWICH, BEKONN AK ÔTDÒG, PA VRE?

SE SA.




E SOU
KESYON BWÈ
AK FIMEN AN?

PLIS PASE DE BWASON PA JOU
KONEKTE AK KANSÈ NAN KOLON.
FIMEN LADANN TOU. DONK,
DIMINYE KANTITE ALKÒL OU BWÈ
AK KONBYEN FWA, EPI PA FIMEN.


ANJENERAL, CHWA SEN
PANDAN TOUT LAYI YO KA
DIMINYE RISK OU GENYEN
POU KANSÈ NAN KOLON.

TRÈ BYEN,
DOKTÈ. M PRAL
ESEYE. MÈSI.



M JIS DWE KONTINYE
AK TÈS DEPISTAJ AK
YON YI KI AN SANTE
POU DIMINYE RISK POU
M GENYEN KANSÈ
NAN KOLON.

KÒMAN?




PWOFESYONÈL SWEN
SANTE M LAN SIJERE KE MWEN
MANJE SEN EPI MANJE MWENS
YYANN TRETE. MWEN TA DWE AKTIF
FIZIKMAN, BWÈ MWENS ALKÒL EPI
PA FIMEN. LI ENPÒTAN TOU POU
M FÈ PWOCHEN TÈS DEPISTAJ
MWEN ALÈ.

NOU PRAL ADOPTE
CHANJMAN SA YO ANSANM!
MARK, OU P AP POUKONT OU.

OU SE
YON BON
MOUN!



PITA SWA SA A, PANDAN
DINE DEYÒ AK FANMI AN



ÈSKE OU TA
RENMEN BWÈ
DIVEN, MESYE?




NON, MÈSI.




TANN, OU PA PRAL
DIVEN, MARK?

NON. MWEN TE FÈ
YON TÈS DEPISTAJ
KANSÈ NAN KOLON
DÈNYÈMAN.

LI TE NEGATIF, MEN
PWOFEYONÈL SWEN SANTE
M LAN TE BAN M KÈK
KONSÈY SOU FASON POU
YIY AN SANTE.




KÒM FRÈ OU, MWEN SOUSYE M ANPIL POU SANTE W. NOU TOU DE TA DWE KÒMANSE PALE SOU TÈS DEPISTAJ KANSÈ NAN KOLON AK PWOFESYONÈL SWEN SANTE NOU.




PISKE NOU TOUT GEN MENM LAJ, PI BONÈ PI BON PASE PITA.



KI TÈS DEPISTAJ OU TE FÈ?



MWEN TE FÈ TÈS KI BAZE SOU POUPOU PANDAN TWAZAN. LI TE RAPID E FASIL. ANE SA A REZILTA MWEN PA T NÒMAL, KIDONK MWEN TE FÈ YON KOLONOSKOPI SWNI.




KI KONSÈY PWOFESYONÈL SWEN SANTE A BAY SOU YIN AN SANTE?




KÒMANSE AK YON
REJIM SEN AK AKTIVITE
FIZIK REGILYE.
LIMITE KANTITE
ALKÒL OU BWÈ,
EPI PA FIMEN.

BAGAY KI PI
ENPÒTAN POU FÈ SE
FÈ TÈS DEPISTAJ.



MWEN PA VLE GEN
KANSÈ! MWEN PRAL
ESEYE KITE FIMEN.



ANDREW, SONJE FÈ YON
TÈS DEPISTAJ KANSÈ NAN
KOLON LÈ PWOFEZYONÈL
SWEN SANTE W LA
REKÒMANDE L.


MWEN PRAL
FÈ SA, PAPA.


ANN KANPE PI
DEYAN EPI PRAN
YON TI POZ RAPID.



HEY LILY.
OU YLE YON
TI GOUTE?

WI!





MÈSI DÈSKE W FÈ
EGZÈSIS AYÈ M,
ANDREW. MWEN BYEN
KONTAN W AP PRAN
SWEN SANTE W.

MÈSI DÈSKE W
ANKOURAJE M FÈ TÈS
DEPISTAJ. NOU PRAL
DIMINYE RISK KANSÈ NAN
KOLON ANSANM!

Reyalite yo sou Risk Kansè nan Kolon

Faktè risk yo pou kansè nan kolon gen ladan:

- Lè w ap granmoun — apeprè 90% nan ka yo rive nan moun ki gen laj 50 an oswa plis*
- Genyen yon antesedan pèsònèl oswa familyal kansè kolorektal oswa polip adenomatoz
- Erite yon sendwòm tankou sendwòm Lynch oswa polip adenomatoz familyal (familial adenomatous polyposis, FAP)

Chanjman nan mòdvi sa yo ka redui risk ou pou kansè nan kolon:

- Bese pwa ou si ou twò gwo oswa obèz
- Ogmante aktivite fizik ou lè w chita mwens epi deplase plis
- Manje mwens vyann trete epi plis fwi ak legim
- Bwè mwens bwason ki gen alkòl
- Diminye oswa sispann itilizasyon tabak. Pou jwenn sipò pou kite fimen oswa vapote, rele 866-697-8487.

Pale ak pwofesyonèl swen sante w jodi a sou risk ou genyen ak tèsp depistaj pou kansè nan kolon.

Pou aprann plis, vizite [nyc.gov/health/coloncancer](https://www.nyc.gov/health/coloncancer). Pou istwa ki gen rapò ak tèsp depistaj, klike sou **Istwa Sandra** epi **Kijan Pou fè yon tèsp kansè nan kolon lakay ou**.

//////////
*Moun ki pa gen faktè risk yo ta dwe kòmanse tèsp depistaj a laj 45, paske ka kansè nan kolon yo ap ogmante pami moun ki poko gen laj 50 an. Moun ki gen faktè risk yo ka bezwen kòmanse tèsp depistaj menm pi bonè.

